



Pou Piblikasyon Imedya: 2/12/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE KE LAPOLIS ETA A ARETE 213 MOUN POUTÈT YO
T AP KONDUI SAN YO PA AN ETA PANDAN WIKENN REPRESYON NAN
THANKSGIVING LAN**

***Twoup yo te bay prèske 14,100 kontravansyon pandan peryòd aplikasyon lalwa
sikilasyon an nan fèt Thanksgiving 2022 a***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a Lapolis Eta New York te bay 14,063 kontravansyon pandan inisyativ aplikasyon lalwa sikilasyon pandan Aksyon Degras (Thanksgiving) ane sa a, ki te vize moun ki ap kondui ki gen konpòtman danjere yo pandan wikenn fèt la. Twoup Eta yo te arete 213 moun paske yo te kondui pandan yo pa te an eta epi yo te mennen ankèt sou 927 aksidan, twa ladan yo te gen moun ki mouri. Peryòd espesyal pou aplikasyon lalwa sikilasyon an, ke Komite sou Sekirite Sikilasyon Gouvènè (Governor's Traffic Safety Committee, GTSC) a te finanse a, te fèt soti mèkredi 23 novanm rive dimanch 27 novanm 2022.

"Bwè anvan ou pran volan an, akselere ak kondwi distrè yo tout se move chwa ki ka gen konsekans ki kapab chanje lavi moun", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Mwen vle felisite efò manm fòs lòd yo ki te travay pandan peryòd fèt la pou reprime moun k ap kondui ak kapasite redwi epi yon fason ensousyan. Travay di yo ap kontribye pou kenbe wout New York yo pami wout ki pi an sekirite nan nasyon an."

Lapolis Eta a te konplete patwouy regilye yo atravè tout eta a, enkli pòs kontwòl pou kenbe moun ki bwè yo, yon inisyativ sou timoun minè ki bwè alkòl yo ak Inisyativ "Operasyon Rakwoche (Operation Hang Up)" a, ki ap vize chofè ki distrè yo lè yo itilize veyikil patwouy pou Aplikasyon Lalwa Sikilasyon ki Kache Idantite (Concealed Identity Traffic Enforcement, CITE) pou pi byen idantifye chofè ki ap pale oswa k ap voye tèks sou aparèy pòtatif yo. Veyikil san mak sa yo ap kamoufle nan sikilasyon chak jou yo men yon fwa limyè ijans lan aktive moun ka rekonèt yo byen fasil tankou veyikil ijans.

Sirentandan Enterimè Lapolis Eta New York la, Steven A. Nigrelli, te deklare, "Mwen bat bravo pou sòlda nou yo ak devouman yo pou kenbe wout nou an sekirite pou tout Nouyòkè yo pandan wikenn fèt Thanksgiving lan Rezilta kanpay ane sa yo montre ke twòp moun ap kondwi pandan ke yo sou oswa yo pa an eta akòz dwòg yo. Nou pa pral aksepte konpòtman sa, epi Gson ak Fanm Lapolis Eta yo pral rete vijilan pou retire moun ensousyan sa yo sou otowout nou yo."

Mark Schroeder, Komisè Depatman Veyikil a Motè Eta a (State Department of Motor Vehicles, DMV) ak Prezidan Komite Sekirite Sikilasyon Gouvènè a (Governor's Traffic Safety Committee), te deklare, "Kèlkeswa ou nan rakkwa a oswa sou otosout pou rive kay Granmè ou, oswa ale kay yon lòt moun ou renmen oswa lakay yon zanmi, kenbe wout yo an sekirite epi asire w ke ou ale ak soti kote ou prale a se yon gwo priyorite pou nou. Jou ferye yo se sou selebre lavi, men li enpòtan pou fè yon plan si ou te selebre twòp pou rive lakay ou epi pou pa mete lòt moun nan risk sou wout nou yo. Nou toujou kontan fè patenarya ak Lapolis Eta a ak fòs lòd lokal ak konte yo pou asire vwayaj jou ferye yo mache jan sa dwe ye".

Nan kad inisyativ aplikasyon lalwa a, Manm patwouy yo te sible tou chofè k ap fè eksè vitès ak chofè ki agresif yo toupatou nan eta a. Anba a gen yon echantyon kantite kontravansyon total yo te bay yo

- **Eksè Vitès** - 4,757
- **Kondui Distrè** - 425
- **Vyolasyon senti sekirite** - 1,791
- **Vyolasyon Lwa Mete w Akote a** - 131

Yo divize rezilta kanpay la selon Twoup la:

Twoup	Rejyon	Vitès	Arestasyon pou DWI (Kantite moun)	Distrè etan yo t ap Kondui	Restriksyon pou Timoun/ Senti Sekirite	Mete w Akote	Total Kontravansyon (li enkli lòt vyolasyon)
A	Western NY	320	13	18	221	5	1,201
B	North Country	272	4	6	68	15	865
C	Southern Tier	471	8	30	250	16	1,400
D	Central NY	522	11	41	486	10	1,791
E	Finger Lakes	381	16	15	135	9	1,414
F	Upper Hudson Valley	405	45	65	136	7	1,201
G	Capital Region	411	21	30	94	13	1,116
K	Lower Hudson Valley	836	42	57	90	30	1,679

L	Long Island	411	31	50	77	2	1,132
NYC	New York City	98	4	53	24	2	600
T	NYS Thruway	630	18	60	210	22	1,664

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418